


## Pare pou Ansèyman adistans ak uit etap Gid pou Elèv

### 1. Kijan pou mwen ale lekòl?

Ale sou sit [sso.browardschools.com](https://sso.browardschools.com)

### 2. Kijan pou mwen antre lekòl?

Anrejistre (Sign in) ak nimewo idantifikasyon elèv ou epi modpas/PIN pou antre sou Clever Single Sign-On Launchpad, ki pèsonalize. Chak dashboard elèv diferan e sa depan de klas elèv-la ap fè. Ou va jwenn anba a yon egzanp dashboard. Apre nan ki jenn e ki gen difikilte nan aprantisaj, paran/gadyen ta dwe louvri yon sesyon ak enfòmasyon elèv-la.




### 3. Kijan pou mwen antre nan klas-la?

Klike sou imaj Canvas ki antoure ak koulè wouj e ki anwo a. Ale sou Virtual Counselor (Konseye Vityèl) pou ou jwenn orè tout klas ou epi patisipe nan tout klas ou selon lòd ki tabli deja.

### 4. Kijan pou mwen kòmanse klas-la?


Klike bouton "Courses" (klas/kou) ki plase sou bar navigasyon ble ki agoch pou ou ka jwenn aksè nan klas-ou. Oubyen klike sou Canvas Tile ki va mennen ou dirèk nan klas Canvas ou.



## 5. Kijan pou mwen jwenn devwa mwen ki nan Canvas ak lyen reyinyon web Teams


Fè lekti annons (announcements) pwofesè ou mete anwo nan paj akèy klas Canvas epi chache devwa (assignments) anba a. Si pwofesè ou prepare klas la divize an Modul, klike sou lyen Modules sou kote goch bar navigasyon klas ou pou ou ka kòmanse wé chapit-yo.

Pwofesè ou va fè reyinyon andirèk sou web (live web conferencing) grasa Microsoft Teams. Klike sou lyen pou reyinyon andirèk nan seksyon Annon Canvas oswa nan lòt seksyon Canvas tankou Kalandriye Evènman, Paj, Devwa, Diskisyon, ak Tès. (Calendar Events, Pages, Assignments, Discussions, and Quizzes.)




## 6. Kijan yon elèv ka aprann itilize Canvas?

Elèv-yo ka aprann itilize Canvas lè yo patisipe nan klas [Passport to Canvas](#) ki sitiye nan klas Canvas [BCPS Digital Student Resources](#) (Resous dijital pou elèv BCPS.)



Elèv-yo ka konekte ak Resous Dijital pou Elèv dirèkteman nan [Single-Sign-On Clever Launch Pad](#), ki antoure an wouj piba a oswa klike sou lyen Student Textbooks & Resources (Liv Elèv ak Resous) ki sitiye anba Resous nan meni navigasyon ble Canvas.



## 7. Kijan mwen ka itilize app Canvas pou elèv?

App Canvas Student kite elèv-yo konekte nan klas-yo epitou gwoup elèv ka konekte ak aparèy mobil yo. Elèv-yo ka soumèt devwa-yo, patisipe nan diskisyon, gade nòt-yo, gade leson-yo ak materyèl edikatif ki nesèsè pou klas-la. App la bay aksè a kalandriye klas-yo, Tach pou fè, notifikasyon, ak mesaj Konvèsasyon.

- [Kisa app Canvas pou Elèv ye?](#)
- [Gid iOS Canvas pou Elèv](#)
- [Gid Android Canvas pou Elèv](#)



## 8. Kijan pwofesè pral fè apèl?



- Pwofesè va konnen fòmèlman konbyen elèv ki prezan nan klas Pinnacle. Elèv-yo dwe konplete toulejou yon kesyonè kout, check-in assignment.
- Yo atann aske elèv-yo patisipe toulejou nan reyinyon web Teams konsa yo ka resevwa enstriksyon sou leson ak materyèl pedagojik entegre nan klas Canvas.
- Elèv-yo dwe avèti pwofesè a alavans yo pap ka patisipe nan yon reyinyon web Teams.

# Kondwit Aseptab



Nou va òganize ansèyman andirèk toulejou, epi elèv-yo dwe konekte sou Teams pou chak peryòd klas. Nou vle elèv-yo respekte règ kondwit aseptab sa-yo:

- Elèv-yo dwe alé nan chak klas. Chak klas kòmanse nan yon lé diferan selon si se klas lekòl primé oswa segondé.
- Elèv-yo dwe avèti pwofesè-yo lè yo pap ka patisipe nan reyinyon web Teams.
- Elèv-yo dwe aktive kamera-yo si pwofesè a pase lòd la.
- Elèv-yo dwe abiye yon fason kòrèk.

Elèv-yo dwe respekte règ netiquette lò reyinyon web epi respekte règ kòd kondwit ak dekowòm pandan yon reyinyon vityèl.

Pou byen patisipe nan klas web reyinyon, swiv konsèy sa-yo epi respekte règ kondwit netiquette pandan yon reyinyon vityèl:

1. Pa manyen klavye konpitè a
2. Abiye byen
3. Fè atansyon a lantouraj ou
4. Fèmen mikwofòn ou lè ou pap pale
5. Pale pi fò, men pa rele
6. Pa manje
7. Chita epi rete fokal nan moman prezan an
8. Chache yon kote trankil ki pa gen twòp bri anviwonan
9. Fèmen tout son telefòn ou
10. Paran pa entèwonp okenn reyinyon

Pou plis enfòmasyon sou Sitwannete Dijital ak Sekirite sou Entènèt, vizite sit [Digital Citizenship Resources](#).

Elèv, paran, pwofesè, oswa lòt moun pa dwe fè anrejistreman odyo, pa dwe pran foto, ni pa dwe fè yon anrejistreman videyo de entèaksyon ansèyman adistans (eLearning); kifè, pa itilize lojisyèl (sofwè), kamera, telefòn selilè, tablet, oswa lòt teknoloji pou anrejistre entèaksyon nan saldeklas. Sèl yon anplwaye BCPS ka inisyè yon anrejistreman (recording) ak Microsoft Teams pandan ansèyman nan saldeklas.

Yon anplwaye BCPS ka fè yon anrejistreman inisyèl sèlman nan bi pou bay elèv ki anwole nan yon klas, sipò pedagojik; anrejistreman an ka vin disponib pi ta pou elèv-yo revwa. Anrejistreman-yo plase nan anviwonman dijital BCPS, ki sekirize, pyès didantite elektwonik nesesè pou gen aksè a anrejistreman, epi BCPS selon diskresyon li ka deside wete anrejistreman-yo.